


Kitab Suci Bocah nyuguhaké

Mulabukané Kasedhihané Manungsa



Ditulis déning: Edward Hughes
Digambari déning: Byron Unger; Lazarus

Diterjemahaké déning: Endang Supardan
Dibesut déning: M. Maillot; Tammy S.

Crita nomer 2 saka 60

www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada
Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki, waton ora kanggo diedol.

Basa Jawa Prasaja

Javanese

ALLAH NGASTA SAMUBARANG!
Ing wektu Allah ngasta manungsa
sepisanan yaiku Adam, dhèweké
manggon ing Taman Éden karo
garwané, Kawa.



Sakaroné ngalami kabungahan sing
sampurna, tansah manut dhawuhé
Gusti Allah lan ngrasaaké ayem
tentrem cedhak karo Gusti Allah.
Kaya mangkono,
nganti ing sawijining
dina ...





"Apa Allah ngendika yèn kowé ora pareng mangan wohing saben wit?" pitakonané ula marang Kawa. "Awaké dhéwé kepareng mangan kabèh who kajaba siji" wangsulané. "Yèn kita mangan utawa ndemèk who iku, kita bakal mati." "Kowé ora bakal mati," jaréné ula kanthi julig.

3




"Kowé bakal dadi kaya Allah." Kawa banjur képingin ngrasakaké wohing wit iku. Dhèweké ngrungoaké kandhané si ula lan mangan woh iku.

4



Sakwisé Kawa ora manut dhawuhé Allah, dhèweké ngajak Adam supaya uga mangan woh iku. Kuduné Adam mangsuli, "Emoh! Aku ora gelem nglawan dhawuhé Gusti." Nanging Adam ora mangkono.

5



Bareng Adam lan Kawa tumiba ing dosa, sakaroné padha ngerti yen padha wuda. Sakaroné banjur nganyam godhong-godhongan dadi clemek kanggo nutupi awaké lan ndhelik ing grumbul, isin lan wedi yen Gusti rawuh.

6



Ing wayah soré pas énak hawané Gusti rawuh nang Taman. Gusti pirsá apa sing wis dilakoni déning Adam lan Kawa. Adam nyalahaké Kawa. Kawa nyalahaké si ula. Gusti Allah ngendika, "Ula iku kena supata, kena ipat-ipat. Wong wadon iku bakal ngalami lara banget yen nglairaké bayi."

7



"Adam, amarga kowé wis tumiba ing dosa, mula bumi kena ipat-ipat, bakal ngetokaké eri lan rerungkudan. Kowé bakal rekasa lan kudu ngetokaké kringet yen arep mangan utawa golek rejekimu saben dinané."

8



Allah ndokokaké Adam lan Kawa ing sanjabané taman sing éndah iku. Sakaroné wis nandhang dosa, mula kapisahaké saka Allah sing Murbèng Ngaurip, Sing Paring Urip.

9



Allah ngasta pedhang sing mawa geni mulad-mulad kanggo njaga supaya sakaroné tetep ana ing njaba. Allah ngasta pakéan saka kulit kanggo Adam lan Kawa. Saka ngendi to Gusti Allah mundhut kulit iku?

10

Suwéning suwé, kulawargané Adam lan Kawa tambah anak-anak sing lahir. Anak lanang mbarep, jenengé Kain, tani, seneng tetandur. Anak lanang nomer loro, Abil, ngingu kéwan ingon-ingon.



11

Ing sawijining dina Kain atur pisungsung marang Gusti Allah, arupa sayur-sayuran. Abil atur pisungsung marang Gusti arupa wedhus, dipilihaké sing paling apik sing diduwèni. Gusti remen marang pisungsungé Abil.



12

Gusti Allah ora rena penggalihé tumrap pisungsungé Kain. Kain banjur nesu banget. Nanging Gusti Allah ngendika, "Yen kowe nglakoni apa sing bener, apa ya sira bakal ditampik?"




13

Nepsuné Kain ora ilang. Ora let suwe saka kadadéyan iku, ing ara-ara dhèwèké nyerang marang Abil - lan mateni Abil!



14

Gusti Allah ngendika marang Kain. "Nang ngendi adhimu Abil?" "Kula mboten mangertos," wangsulané Kain ngapusi. "Punapa kula punika pamomongipun adhi kula?" Gusti Allah banjur ngukum Kain srana mundhut kabisané Kain ing pagaweyan tani, lan ndadekaké Kain tukang nglembara ana ing bumi.



15

Kain banjur lunga saka ngarsané Gusti. Dhèwèké kawin karo anaké Adam lan Kawa liyané. Sakaroné padha mbangun kulawarga. Suwé-suwé, anak putu lan buyuté Kain ngebaki kutha sing dibangun déning Kain.




16

Kacarita, kulawargané Adam lan Kawa cepet tumangkar. Ing wektu iku manungsa umuré luwih dawa banget tinimbang manungsa zaman saiki.



17

Nalika Seth putrané lanang lair, Kawa ngucap, "Gusti Allah maringi aku Seth kanggo ngijoli Abil". Seth dadi wong mursid, umuré nganti 912 tahun, lan duwé anak akeh.



18

Ing alam donya, bangsa-bangsa tumangkar turun tumurun, nanging manungsa sangsaya suwé sangsaya jahat.




19

Pungkasané, Gusti Allah mutusaké yen umat manungsa kudu disirnaake kabeh, uga sakabehé kewan lan bangsa manuk.



20

Gusti Allah gela déné wis nitahké manungsa. Nanging ana wong siji sing nyenengaké penggalihé Gusti ...



21

Wong iku jenenge Nuh, utawa nabi Nuh. Nuh iku keturunané Seth, Nuh uga wong sing tumindaké apik tanpa cacad ing ngarsané Gusti.



22

Nuh tansah nyuwun panganthiné Gusti ing salaku-lakuné. Dhèwèké uga mulang marang anak-anaké lanang telu, supaya mbangun-turut marang Gusti Allah.



23

Lah, Gusti Allah kagungan rencana arep ngagem Nuh kanthi cara sing anèh lan ora ana padhané. Istimewa banget!



24

Mulabukané Kasedhiané Manungsa

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Purwaning Dumadi 3-6

"Kawedharipun pangandika Paduka punika madhangi." Jabur 119:130

Gusti Allah pirsá yèn kita wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut dening Gusti Allah, dosa. Paukumané dosa iku pepati.

Gusti Allah tresna banget marang kita nganti masrahaké putrané, Gusti Yésus, supaya séda sinalib lan nebus paukuman kita. **Gusti Yesus wus wungu, gesang** lan kondur menyang Swarga.! Saiki uga Gusti bisa ngapura dosa-dosa kita.

Yen kowé kepéngin mratobat saka dosa-dosamu, matura marang Gusti Allah mengkéné: Gusti Allah ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Gusti Yésus séda kanggé kawula, lan sakmenika sampun wungu lan gesang. Kersaa rawuh ing manah lan gesang kawula sarta ngapunteni dosa-dosa kawula, supados kawula pikantuk gesang énggal sakmenika; lan mbéjjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminya. Kersaa mitulungi kawula supados kawula saged gesang kagem Paduka kadosdéne putra Paduka. Amin. Yohanes 3:16

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Allah saben dina!

